

Pou Piblikasyon Imedya: 23/05/2019

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI NOUVO ESTASYON LAVAJ BATO  
NAN SANT AKÈY ADIRONDACKS**

***Estasyon Eta pou lavaj bato an kolaborasyon ede evite pwopagasyon espès  
akwatik anvayisan***

***Wiken Jou Komemorasyon siyale kòmansman deplwa komisè bato onivo Eta a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse dènye aksyon nan kad efò global New York pou evite pwopagasyon espès anvayisan ak gran ouvèti estasyon ki pi avanse nan eta a nan kesyon enspeksyon ak dekontaminasyon bato nan Sant Akèy Adirondacks (Adirondacks Welcome Center) ki apèn konstwi sou Otowout 87 nan Queensbury, Konte Warren. Lokal Sant Akèy se premye estasyon enspeksyon bato ki konstwi nan zòn repo sou yon otowout nan New York epi li lokalize nan yon antre vital nan Pak Adirondack ki pral ede evite entwodiksyon ak pwopagasyon espès akwatik anvayisan. Ouvèti sa a ko-enside ak deplwaman anyèl komisè bato ak efò dekontaminasyon nan ranp piblik pou met bato nan dlo atravè eta a.

"New York ap pran aksyon agresif pou pwoteje resous natirèl inestimab eta nou an, resous divètisman ak abita pwason ak fòn kont predatè anvayisan pou asire anviwònman nou an rete dirab, sen ak solid", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo estasyon modèn pou enspeksyon bato sa a nan Sant Akèy Adirondacks pral ofri vizitè yo aksè fasil pou enspekte ak lave bato yo anvan yo antre nan mas dlo eta a."

"Rejyon Adirondacks la se yon pyè presye pou eta a ak pou nasyon an, epi nou konstaman konsantre sou amelyore eksperyans lan pou vizitè yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Sant Akèy Adirondack lan prezante kèk nan pi bon amenajman, distraksyon, ak pwodwi New York gen pou l ofri. Li pral enkli tou yon nouvo estasyon lavaj bato ki pral ofri vizitè yo opòtinite pou enspekte bato ak pwomouvwa mechè pratik pou evite pwopagasyon espès anvayisan. Nou vle asire resous natirèl nou yo rete pwoteje epi Adirondacks kontinye rete yon destinasyon touris pou jenarasyon fiti yo."

Se Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la ki te dirije pwojè estasyon lavaj bato nan Sant Akèy Adirondacks ak sipò nan men patnè gouvènmanal ak òganizasyonèl onivo lokal ak eta a, sa enkli Konsèvasyon Lanati New York (The New York Nature Conservancy (TNC)), Enstiti Basen Adirondack nan Fakilte Paul Smith (Paul Smith's College Adirondack Watershed Institute (AWI)), The FUND for Lake George, Komisyon Pak Lak George la (Lake George Park Commission) ak Asosyasyon Lak George la (Lake George Association). Anplis, pou kontinye pwoteje Lak George kont menas [Espès Akwatik Anvayisan](#)

[\(Aquatic Invasive Species, AIS\)](#) epi limite pwen antre potansyèl nan lak lan nan ranp pou mete bato nan dlo, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal, DEC) ap aktivman travay ak pati prenans sa yo pou devlope aksyon adisyonèl pou ede evite espès anvayisan pa antre nan lak lan.

Atravè Pwogram Plant Anvayisan Pak Adirondack (Adirondack Park Invasive Plant Program) eta a, DEC ak Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) kontinye travay ak gouvènman lokal, asosyasyon lak, ak AWI pou pran yon defans premye liy kont espès anvayisan nan mas dlo nan Adirondacks. Se EPF eta a ki finanse efò sa a, sa enkli 9 milyon dola nan finansman pou yon kontra jesyon senk lane ak AWI. AWI travay pou pwoteje dlo pwòp, konsève abita ak sipòte sante ak byennèt moun nan Adirondacks atravè rechèch syantifik, jerans ak eksperyans lavi reyèl pou etidyan. AWI te travay nan fason rapwoche ak patnè yo pou planifye, konsewa ak konstwi pwojè sa a. AWI pral ofri enspektè bato sezonye pou travay nan estasyon an, dekontamine anbakasyon, edike vizitè konsènan danje espès akwatik anvayisan yo epi entwodwi yo nan Rezo Enspeksyon ak Dekontaminasyon Bato nan Adirondack DEC lan (DEC's Adirondack Boat Inspection and Decontamination Network). AWI ap jere 29 lòt estasyon dekontaminasyon ak enspeksyon bato atravè rejyon an, ou ka wè lokal yo nan [adkcleanboats.com](http://adkcleanboats.com).

[Komisè bato](#) se volontè ou byen manm kominote a ki peye pou ofri plezansye ak lòt amatè dlo enfòmasyon enpòtan sou kijan yo ka redwi chans pou yo pwopaje AIS. Komisè yo anseye piblik lan sou kijan pou yo enspekte, netwaye, drene ak trete anbakasyon ak ekipman yo. Komisè yo tou mande plezansye yo ki kote yo te lanse an dènye epi ka pafwa detèmine ki espès anvayisan yo ka jwenn nan lak oubyen etan yo te vizite atravè lyen [iMapInvasives](#), baz done espès anvayisan Eta New York la. An 2018, komisè bato te sonde plis pase 300,000 plezansye atravè eta a.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare,** "Eta New York gen yon pwogram jerans bato ki laj ki pa sèlman ede pwoteje resous dlo nan New York, men ede tou ogmante sansibilizasyon piblik sou espès akwatik anvayisan. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo ak sipò kontini nan men Fon pou Pwoteksyon Anviwònmantal Eta a (Environmental Protection Fund, EPF) pou konbat espès anvayisan, ane sa a eta a pral genyen plis pase 160 komisè bato ki plase nan plis pase 250 lokal atravè Eta New York. N ap aktivman travay tou ak pati prenans yo pou devlope yon plan pou ranfòse aksyon kontini ak global eta pou pwoteje Lak George kont menas espès anvayisan yo".

**Komisè Enterimè Depatman Transpò Marie Therese Dominguez te deklare,** "Sant Akèy Adirondacks lan se yon bèl kote pou w pran yon poz, aprann sou tout sa Adirondacks gen pou ofri epi - kounye a, jis pandan sezon ete a kòmanse - pou asire bato divètisman pa gen plant ak animal akwatik ki ka atake lak rejyon an. Gouvènè Cuomo te asire l pòtay Sant Akèy sa a rete modèn, epi nouvo estasyon enspeksyon ak dekontaminasyon bato an rete yon adisyon entelijan, komòd ki pral konsève bio-divèsite nan mèveye Pak Adirondack lan".

**Senatè Betty Little te deklare,** "Adirondacks ouvri pou tout bagay ak yon sèl eksepsyon - espès anvayisan. Fasilite aksè a nouvo Sant Akèy lan jis nan zòn Northway rann li lokal ideyal pou asire bato ou an rete pwòp epi prè pou itilizasyon, san

anvayisan yo. Mwen espere non sèlman nou pral wè yo itilize estasyon lavaj bato sa a anpil, li pral vini sèvi tou kòm yon rapèl pou tout plezansye ke evite pwopagasyon anvayisan yo ekzije kowoperasyon ak dilijans tout moun. Li pa mande anpil efò pou kenbe yon pwoblèm ki koute chè lwen lak ak rivyè nou yo".

**Manm Asanble Dan Stec te deklare,** "Konbat pwopagasyon espès akwatik anvayisan rete yon bagay mwen te ankouraje depi nan jou mwen yo nan gouvènman lokal. Li rete vital pou kontinye pwoteje dlo entak nan Pak Adirondack epi asire ekosistèm nou yo rete sen ak solid. Ofri estasyon lavaj bato enpòtan sa a rete mekanis nesèsè nan reyalize objektif nou pou nou edike plezansye nou yo ak kenbe dlo nou yo pwòp san anvayisan danjre".

AIS se plant ak animal akwatik ki pa natif-natal ki ka lakoz domaj nan anviwònman an, ekonomi, ak sante imen. Yo te jwenn anpil AIS nan lak, etan ak rivyè yo nan New York epi yo ka repwodwi ak pwopaje nan yon to rapid. AIS kontribye nan diminisyon plant, pwason ak fòn natif-natal epi yo ka gen enpak negatif sou opòtinite ak revni ki baze sou divètisman. Youn nan chemen prensipal nan transfè AIS ant mas dlo se veyikil ak ekipman divètisman nan dlo, sa enkli bato, kannòt, kayak ak djèt ski. Plant ak animal akwatik anvayisan tankou idrila, chatèy dlo ak moul zebre ka fasilman atache tèt yo a yon anbakasyon epi rive transpòte nan mas dlo ki pa anvayi epi pran kontwòl.

Nouvo Sant Akèy la prezante Mach Selèb Adirondacks ki mennen a yon bildin ki gen 8,615 pye kare, sètifye LEED, ki te konsevwa nan yon tèm klasik Adirondack epi ofri estasyonman ak sèvis twalèt. Bildin lan gen yon bann seri karakteristik ki favorab a anviwònman tankou ponp chofaj sous dlo jewotèmik y ap itilize alafwa pou chofaj ak klimatizè pou bilding lan, aparèy ekleraj Dyòd Liminez (LED), estasyon rechaj machin elektrik yo, koleksyon atik resiklab yo, amenajman peyizaj ki itilize dlo nan fason efikas, ak fenèt ak pòt ki konsève enèji.

Sant Akèy la gen kyòsk entèraktif I LOVE NY, ki mete aksan sou atraksyon ak destinasyon touris rejyonal yo. Li prezante tou yon kat jewografik plan Adirondack la ak yon mi pou fè foto sèlfi I LOVE NY ki gen yon telesyèj eski ki pa an sèvis ankò ki soti nan Estasyon Eski Gore Mountain. Pou vwayajè k ap vwayaje an fanmi yo, nouvo espas rekreyasyon pou timoun yo ki gen yon tiwolyèn disponib, ansanm ak yon zòn konfò pou bèt domestik yo, Wi-Fi gratis, estasyon rechaj telefòn selilè yo, tab piknik ak chèz Adirondack la yo. Yo ekspoze pwodwi alimantè ak bwason yo jwenn nan rejyon ak nan lòt lokalite nan New York nan nèf distribitè otomatik modèn depwent yo.

Nouvo estasyon avanse pou lave bato a se yon lokal dedye ki te konstwi nan zòn repo a epi prezante remiz pèmanan pou anplwaye ak ekipman, yon fòs lavaj bato ki tou konstwi ak sistèm kòlèk dlo ak de inite dekontaminasyon, youn nan yo opere elektrikman. Plizyè komisè bato pral estasyon nan lokal I-87 lan pandan ete an. Pri total pou estasyon lavaj bato a se apeprè 650,000 dola ki peye prensipalman anban Fon Devlopman Eta pou Pwogram Sant Akèy onivo Eta a (State Development Funds for the Welcome Centers Statewide Program), ak 23,000 dola nan Fund for Lake George ak 33,000 dola nan men TNC. Anplis, DEC te itilize Fon pou Pwoteksyon Anviwònmanal pou sipòte devlopam enfrastrikti epi atravè yon relasyon kontraktiyèl ak AWI, li ap finanse kou operasyonèl pou sezon 2019 lan pou sis komisè bato pou sezon konplè an, ki totalize 90,000 dola apeprè.

**Dan Kelting, Direktè Ekzekitif nan Enstiti Basen Adirondack nan Paul Smith's College, te deklare,** "Espès akwatik anvayisan afekte lak nou yo epi ka mennen a pèt ekonomik konsekan pou pwopriyete tè, biznis ak kominote. Bato plezansye se prensipal fason kote espès anvayisan yo pwopaje atravè mas dlo yo nan Adirondacks. Investisman nan estasyon gwo pwofil pou enspeksyon ak dekontaminasyon bato sa a nan men Senatè Betty Little, eta New York, ak patnè yo demontre vilnerabilite mas dlo nou yo ak angajman pou adrese menas anviwòmantal grav sa a".

**Peg Olsen, Direktè Chapit Adirondack pou The Nature Conservancy te deklare,** "Nou aplodi Gouvènè a, Senatè Betty Little, ak tout senk patnè yo pou vizyon yo ak angajman yo nan pwojè sa a. Estasyon lavaj bato premye nan estil sa a nan New York se yon pyès vital nan evite pwopagasyon espès akwatik anvayisan ak pwoteje lokal kote nou lapèch, monte bato, ak naje. Nou ankouraj nenpòt moun ki posede yon bato, kannòt, oubyen kayak pou itilize sèvis gratis sa a pandan y ap vwayaje ale ak soti nan rejyon an".

**Eric Siy, Direktè Ekzekitif pou The FUND for Lake George te deklare,** "Sa a se yon moman istorik nan konba pou pwoteje dlo Adirondack nou yo kont fleyo k ap pwopaje vit kòm espès anvayisan yo. Adirondack Northway se prensipal wout transpò pou bato ki aksidantèlman pote espès anvayisan nan rejyon nou an, epi enstalasyon sa a pral ede nou jwenn ak retire plant ak animal danjre sa yo byen anvan yo rive jwenn rivaj nou yo. The FUND for Lake George fyè pou li te rete yon defansè pou pwojè sa a depi li te fèk kòmanse, epi pi fyè toujou paske li te fè yon investisman finansye dirèk nan rann li vin reyalyte".

Depi 2008, kantite pwogram komisè bato atravè eta a vin ap ogmante nan fason regilye. Jiska dat, plis pase 25 pwogram aktif atravè [Patenarya pou Jesyon Espès Anvayisan Rejyon](#), founisè ak benefisyè nan rejyon Finger Lakes, Rejyon Lwès New York, Long Island ak dènye efò pou elaji nan zòn Rivyè Mohawk-Hudson ak Rejyon Catskill. Anpil òganizasyon fè pati rezo sa a epi ofri pwogram komisè bato, tankou asosyasyon lak, fakilte ak inivèsite, òganizasyon a bi non-likratif, distri ak minisipalite pou konsèvasyon teren ak dlo konte.

[Regleman Eta](#) ekzije pou amatè dlo pran prekosyon rezonab pou prevni pwopagasyon AIS. DEC konseye plezansye ak pechè pou enspekte ak netwaye bato, remòk-bato, ak lòt ekipman lapèch ak bato pou kèlkeswa plant oubyen animal anvayisan. Asire ou verifye sout, woulo, konpansatè ak lòt pwen atachman posib sou bato ak remòk-bato. Alaswit yon enspeksyon konplè, DEC ankouraje plezansye yo pou swiv [estanda NETWAYE, DRENE, AK SECHE](#).

Si ekipman bato pa kapab konplètman ak sistematikman seche, yo dwe dekontamine l anvan yo itilize l nan yon lòt mas dlo. [Plizyè teknik dekontaminasyon ak teknik espesyal pou netwaye bato](#) te itilize oparavan nan dlo ki enfekte ak moul zebre, yo ofri yo sou sit wèb DEC a. Pou yon lis AIS yo rapòte nan dlo eta a ki aksesib a piblik, vizite anyè aksè bato DEC a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)